

BAK Middle School of the Arts

Pou Ane lekòl 2025

**Direktiv pou Odisyon
Pou Elèv k ap aplike pou
ane akademik 2024-2025**

**Sally Rozanski
Direktris**

**Lee L. Glaze
Kowòdonatè Pwogram Espesyalizasyon**

**1725 Echo Lake Drive
West Palm Beach, FL 33407
Telefòn: 561- 882- 3819
Faks: 561- 882- 3800**

<https://www.palmbeachschools.org/msoa>

Odision, Admision ak Enfòmasyon ki Esansyèl pou Ane Lekòl 2025 Li esansyèl pou w li tout pake sa a ann antye.

Bak (MSOA), ap konsidere admision pou elèv k ap antre nan sizyèm, setyèm, oswa uityèm ane Majorite plas ki genyen yo se pou elèv k ap antre nan klas sizyèm ane Elèv k ap aplike a ansanm ak paran/responsab li dwe se rezidan Rejyon Palm Beach pou yo kapab elijib pou soumèt yon aplikasyon anliy Tanpri, li sa ki piba a sou pwosesis, pwosedi, direktiv, ak kondisyon pou odision/admision, ak lòt enfòmasyon ki esansyèl.

Tanpri, suiv avèk atansyon pwosesis yo dekri nan paj apre yo. Ranpli yon aplikasyon pou pwogram Chwa ak Distri Lekòl Rejyon Palm Beach Depatman Espesyalizasyon ak Chwa Karyè nan dat limit Distri a fikse: **Vandredi 8 desanm 2023**

Aplikasyon pou Pwogram Ochwa ap disponib apati mèkredi 1^{ye} novanm 2023

1. **Soumèt yon aplikasyon sou entènètavan oswa nan vandredi 8 desanm 2023.** Aplikasyon yo disponib anliy nan: www.mypbchoiceapp.com. Yo ankouraje aplikasyon sou entènèt anpil epi ou resevwa yon resi konfimasyon pa imèl nan menm moman an. Tanpri, kenbe tout enfòmasyon pou konekte sou entènèt yo pou itilize alavni nan Sistèm Jesyon Aplikasyon an (Application Management System). Si pa gen konpitè ki disponib nan kay la, tanpri vizite bibliyotèk nan zòn nan oswa lekòl pitit ou a. Gade nan Manyèl Pwogram Ochwa a pou plis detay nan: www.palmbeachschools.org/choiceprograms
2. **Prepare pou odision w lan nan suiv direktiv Odision pou ane lekòl 2025** ki nan lis domèn boza espesifik w ap aplike pou li a nan Bak MSOA. **Elèv yo ta dwe prepare pou odision nan lokal lekòl la depi mèkredi 17 janvye 2024.**
3. **Aplikasyon yo apwouve yo ap resevwa avi nan imel sou pwosedi odision yo ak dat ak lè odision elèv la (yo) pa pita pase vandredi 12 janvier 2024.** Se sèlman elèv ki genyen yon aplikasyon yo verifye nan dosye Depatman Espesyalizasyon ak Chwa Karyè y ap bay yon odision. Si ou pa resevwa yon avi sou odision avan oswa nan **vandredi 12 janvye 2024**, tanpri kontakte **Lee Glaze, Kowòdinatè Pwogram Espesyalizasyon BAK, nan 561-882-3819**. oswa lee.glaze@palmbeachschools.org.
4. **Aplikasyon yo dwe pase odision nan dat/lè yo bay yo.** Dat odision elèv la kapab chanje sèlman nan ka yon ijans familyal ki dokimante oswa si dat yo bali a genyen konfli ak obsèvan relijye. **Si yon elèv ta malad epi li pa kapab pase odision an nan dat yo te bay li a**, li dwe bay lekòl la yon lèt doktè ki dokimante maladi a nan twa (3) jou lekòl apre dat randevou odision an te fikse a. Si gen lòt dat odision ki disponib, lekòl la ap pwograme yon lòt randevou odision pou elèv la nan yon dat detèmine. P AP gen rezon pou yon apèl pou maladi ki pat revele nan moman odision elèv la. Elèv ki pa t patisipe nan odision avan Lotri Seleksyon Admision Chwa te pwograme p ap elijib pou premye pwosesis lotri seleksyon an. Depatman Espesyalizasyon ak Chwa Karyè Distri Lekòl Rejyon Palm Beach etabli yon dat pou pibliye rezilta plasman pou tout Pwogram Ochwa yo. Genyen kèk elèv yo kapab plase nan yon lisdatant baze sou plas ki disponib ak kantite aplikasyon ki elijib.
5. **Pwosesis Apèl** : Se Règleman 5.016 SDPBC ki reji pwosesis apèl epi sa dekri nan Manyèl Pwosedi Pwogram Chwa ak Lekòl Espesyalizasyon Distri a nan: www.palmbeachschools.org/choiceprograms.

Bak Middle School of the Arts
Enfòmasyon sou Odisyon pou Admisyon pou ane lekòl
2025

Elèv ESE / 504 /ELL:

Yo bay akomodasyon jan sa dokimante nan yon Plan IEP oswa 504 ki aktif. Yon paran/responsab **Oblije Telechaje** yon kopi Plan IEP oswa 504 aktyèl elèv la (elèv lekòl piblik) oswa evalyasyon medikal (elèv lekòl prive) avèk Aplikasyon pou Pwogram Ochwa a avan oswa **vandredi 8 desanm 2023**, pou li fè sèten li jwenn akomodasyon pou odisyon an. Si ou pa kapab lokalize plan an, kontakte lekòl aktyèl pitit ou pou jwenn èd.

Si yon elèv resevwa yon nouvo oswa yon plan 504 oswa IEP ki pi resan apre **8 desanm 2023** dat limit aplikasyon an, paran yo dwe imel nouvo oswa plan ki pi resan an, **pa pita pase 12 janvye 2024 bay: lee.glaze@palmbeachschools.org**.

Moun k ap Aprann Anglè (ELL):

Elèv yo idantifye kòm ELL (Moun k ap Aprann Anglè) - **LY selman**, kapab elijib pou resevwa sèvis entèpretasyon nan lang Kreyòl Ayisyen, Pòtigè, ak Panyòl Ekip Tradiktè Distri Lekòl Reyon Palm Beach la ofri. Paran elèv ELL yo kapab mande sèvis entèpretasyon pou pitit yo lè yo kontakte **Lee Glaze, Kowòdinatè Program Espesyalizasyon Bak nan (561) 882-3819**, **pa pita pase 12 janvye 2024**.

Si yon paran/responsab endike nan aplikasyon sou entènèt la oswa alekri akomodasyon pou odisyon pa nesesè pou yon timoun ki genyen yon plan IEP/504, li p ap kapab fè apèl sou baz yo pa t ofri akomodasyon pandan odisyon yo.

Paran elèv yo idantifye kòm elèv ki gen yon *Educational Plan for Gifted*, pa ta bezwen soumèt Plan Edikatif Elèv (EP) la pou pwosesis odisyon an.

Apati mèkredi 1^{ye} Novanm 2023

Ou kapab jwenn Aplikasyon pou Pwogram Ochwa sou Entènèt nan:
www.mypbchoiceapp.com

Pou Bwochi Pwogram Ochwa, Manyèl Pwosedi Pwogram Ochwa, ak enfòmasyon adisyonèl, tanpri ale nan:
www.palmbeachschools.org/choiceprograms

Pou kesyon paran genyen sou Pwogram Ochwa nan Rejyon Palm Beach:
choicequestions@palmbeachschools.org

Pwosesis Odisyon Bak MSOA-Ane lekòl 2025

- Y ap di elèv k ap pase odisyon yo ki kote pou yo ale lè yo rive nan lekòl la.
- Se sèlman paran/responsab yo pral pèmèt antre nan lekòl la epi y ap di yo kibò pou yo ale lè yo rive nan lekòl la.
- Paran/responsab yo dwe rete nan zòn yo deziye a, toutan.
- Yo **pa otorize** paran/responsab legal antre nan sal odisyon an pandan pwosesis odisyon an.
- Tout pwosesis odisyon an kapab pran jiska **de (2) oswa plis èdtan**, enkli oryantasyon pou odisyon an.
- Nenpòt aplikan k ap aplike pou yon pwogram ki mande odisyon dwe respekte direktiv resan distri a nan sa ki genyen rapò avèk pwotokòl COVID-19 pandan pwosesis odisyon an.

Tout odisyon pral fèt nan lokal Bak MSOA. Paran/Responsab yo dwe rive nan lokal Bak MSOA avèk pitit yo ki pral pase odisyon an **30 minit** avan lè randevou pou odisyon an nan dat yo te pwograme a. Pwosesis odisyon an mande pou elèv k ap aplike yo prezan epi pare pou pèfòme pandan tout tan **de (2) oswa plis èdtan** sesyon odisyon an ap dire. **Se responsablite paran an pou l fè sèten tout enstriman, CD, MP3, iPad, Laptòp ak/oswa telefòn selilè yo an bon eta pou fonksyone.** Paran yo dwe fè sèten yo te telechaje mizik la epi yo te sere li kòrèkteman nan aparèy pitit yo **SE PA jwe li anliy.** Yonfwa yon elèv kòmanse oswa ap kontinye ak yon odisyon, paran yo admèt pitit yo pa malad oswa pa kapab pèfòme.

yo **OBLIJE** soumèt tout demand pou fèy nòt odisyon avèk Fòm Demand Fèy Nòt Odision 2024 lan EPI yon anvlòp ki tou genyen adrès pèsonèl moun an ak tenb. Fòm sa a ap disponib **sèlman** ann **avril** nan: <https://www.palmbeachschools.org/msoa>. Y ap aksepte demand pou fèy nòt odisyon **sèlman** apati **lendi 1^{ve} avril rive vandredi 26 avril 2024.**

Pou yo patisipe nan Lotri Seleksyon pou Admisyon nan Pwogram Ochwa Bak MSOA, tout aplikan dwe satisfè kritè elijiblite Distri Lekòl Rejyon Palm Beach la ak lekòl la. **Tout elèv dwe satisfè nòt minimòm odisyon an oswa yon nòt ki pi wo ki elijib pou antre nan klas yo pou ane lekòl 2025, avan yo kapab konsidere yo elijib (antre yo nan lotri a) pou admisyon nan Bak *Middle School of the Arts*.** Elèv yo pa t seleksyone avan nan lotri mwa mas la, si yo elijib, yo pral mete yo nan yon lisdatant pou tout pwogram ochwa yo kote yo te jije yo elijib.

Depatman Espesyalizasyon ak Chwa Karyè ap pibliye avi rezilta lotri yo bay paran yo nan jedi 28 mas 2024.

Nan paj ki vin apre la yo genyen **kondisyon espesifik pou odisyon** nan chak domèn boza. Tanpri, li kondisyon yo byen, yon fason pou oumenm ak pitit ou konnen sa yo atann nan odisyon an. Yo bay nòt pou odisyon an suivan yon ribrik.

Y ap diskalifye aplikan yo pou admisyon nan Bak MSOA si yo pa soumèt dokiman yo mande pandan odisyon an OSWA si yo detèmine te genyen entèferans ki rive pandan pwosesis odisyon an.

Pwochen paj yo genyen detay enpòtan sou pwosesis odisyon an pou chak domèn boza.

Odision pou Atizay Kominikasyon

Kourikoulòm Kominikasyon Bak MSOA enkli redaksyon kreyatif, jounalism, jounal ak piblikasyon liv souvni, emisyon radyo ak televizyon, pwodiksyon videyo, piblisite/reklam/relasyon piblik, medya digital, ak diskou & deba.

Nan Odision an, elèv yo pral konplete tach sa yo:

1. **Redaksyon**- Y ap bay elèv yo kenz (15) minit pou yo konpoze kòmansman yon ti istwa fiktif brèf, baze sou kontni yon foto y ap bayo pandan odision a. Y ap bay papye ak kreyon pou elèv ekri ti istwa alamen nan salklas la pandan odision an.

Remak: Korektè yo ap evalye Redaksyon an baze sou kreyativite, teknik konpozisyon fiksyon, kontni naratif, konsantrasyon, òganizasyon, vokabilè ki vif, ak detay ki sipòte ide yo.

2. **Public Speaking** - Elèv yo pral prezante oralman yon diskou orijinal yo memorize, ki dire 1 minit, sou sijè sa a: "**Ki premye bagay ou panse a li lè ou reveye?**" Elèv yo **DWE** prezante yon kopi diskou yo sou papye pou bay jij la nan odision an.

Remak: Korektè yo ap evalye diskou prepare a baze sou òganizasyon; ekspresyon vokal ki enkli klète langaj, volim ak estil pale ki byen defini; jès, ekspresyon fasyal, langaj kòporèl; antouzyas; ak ratrapaj.

3. **Analiz Medya**- Pandan odision an, elèv la ap kòmante sou yon ekstrè videyo yo te pwojite pandan odision an. Apre yo fin vizyone videyo a, elèv yo pral pataje obsèvasyon yo avèk jij yo endividyèlman. Elèv yo ap kapab pran nòt pandan fim nan, pou pataje obsèvasyon yo avèk jij.

Remak: Korektè yo ap evalye Analiz Medya la baze sou deskripsyon konplè epi detaye elèv la fè sou sijè a ak/oswa eleman ki te parèt nan videyo kout la. Elèv la dwe demontre atansyon sou detay (tout sa li te wè ak tande) epi konpreyansyon teknik sou fè fim (sa vle di, ekleraj, mizik, efè sonò, ang kamera, ak konpòtman pèsonaj).

SUIV DIREKTIV YO: Elèv yo dwe prepare pou koute avèk atansyon epi suiv direktiv y ap bay pandan odision yo.

Odisyon pou Dans

Klas dans nan Bak MSOA enkli balè ak dans modèn; klas dans 7^{yèm} ak 8^{yèm} ane enkli balè, dans modèn ak djaz. Tout dansè pral patisipe nan omwen yon klas dans chak jou lekòl.

Nan Odisyon an, elèv yo pral konplete tach sa yo:

1. Patisipe nan yon klas dans ki pral enkli balè ak dans modèn. Malgre li pa obligatwa pou genyen pratik, ou dwe genyen aptitud pou dans ak fizikalite.
2. Prepare yon dans solo ki pa pi long pase yon minit. Yo p ap aksepte ni vètman espesyal ni akseswa oswa lòt dekorasyon. Dans solo a dwe mete aksan sou pi gran kalite dansè a genyen. Konsidere pou enkli vire, sote ak chanje nivo. Evalyasyon an baze sou teknik, kalite mouvman, ak ekspresyon. Tanpri pa mamote mizik la. Pou solo a, yo prefere mizik enstrimantal. Tanpri, fè sèten tout pawòl mizik yo apwopriye.

Mizik pou solo kapab nan yon telefòn, iPad, iPod, oswa CD. Chante a ta dwe telechaje nan aparèy la, SE PA jwe l anliy.

Abiman yon sigjere: Tifi ta dwe mete mayo kolan koulè ini ak pantalon kolan oswa ba ki pa kouvri pye yo. Mare cheve yo ale sou dèyè an chou. Ti gason ta dwe mete mayo blan oswa nwa ak kolan pou dans. Elèv ki gen soulye balè sipoze mete yo. Tout elèv sipoze prepare yo pou danse pye atè. Pa mete jip, abako oswa bijou.

Odisyon pou Mizik

Fanfa, Enstriman akòd, Vokal, ak Pyano

Elèv yo dwe pote pwòp enstriman yo nan odisyon pou fanfa ak pou enstriman akòd yo. Pou odisyon vokal, elèv yo kapab chante avèk oswa san akonpayman. Bak MSOA pa ofri ansèyman nan tout enstriman mizik; donk, elèv k ap aplike dwe pase odisyon avèk yon enstriman ki nan lis ki vin apre Band (Fanfa) oswa Strings (Enstriman akòd) yo. Paegzanp, elèv yo pa kapab odisyone avèk gita, klòch manyèl oswa enstriman ki pa enstriman òkès.

Fanfa

Bras, Pèkisyon, ak Enstriman ak van

Y ap evalue elèv yo dapre presizyon son, kalite ton, presizyon ritmik, ekspresivite, teknik, lekti mizik, matche ton, efè mizikal ak abilite pou pwodui yon gam majè. **Elèv dwe vini ak pwòp enstriman (yo) pou odisyon an.**

Elèv yo kapab odisyone avèk enstriman konsè òkès ki nan lis sa a:

Saksofòn Alto	Flit	*Recorder (Gade anba)
Bariton Saksofòn	French Horn	Saksofòn
Bariton/Euphonium	Oboe	Twonbòn
Bas Klarinèt	*Pèkisyon/Tanbou (Gade	Tuba
Bassoon	pi ba la a)	Twonpèt
Klarinèt	Piccolo	

Nan Odisyon an, elèv yo pral konplete tach sa yo:

1. **Pèfòme yon solo** ki demontre pi wo nivo konpetans yo. Yo pa otorize akonpayatè. Elèv dwe pote nan odisyon an **de (2)** kopi fèy mizik yo pou jij yo nan odisyon an. **Tanpri pran nòt, jij yo kapab pa koute tout solo a akòz kontrent tan.**

2. **Kondisyon pou odisyon ap enkli tou:**

- reponn kesyon, oralman, sou rekonesans nòt pa rapò ak pwòp kle yo, nòt, valè ritm, valè mezi silans, ak kapasite pou idantifye senbòl mizikal
- ak kapasite pou li nòt senp yo poko wè ak ritm
- koute yon gwoup 3-4 son sou pyano a epi chante yo aprè ; epi aplikan pral chwazi yon gam majè pou li jwe

Pèkisyon/Batri/Tanbou

- Elèv yo ap pèfòme yon solo tanbou "snare" ki demontre pi wo nivo talan yo
- Elèv yo ap pèfòme yon solo mayèt ki demontre pi wo nivo talan yo
- Elèv yo dwe vini ak pwòp tanbou "snare" yo, bagèt ak mayèt.
- Enstriman yo jwe avèk mayèt-*Xylophone*/Marimba/Je Klòch ap disponib pou odisyon si yo bezwen.

Recorder:

- Elèv yo ap pèfòme yon solo ki demontre pi wo nivo konpetans yo.
- Egzanp- # 7- Twinkle Twinkle little star, #8- Amazing Grace oswa #9- Ode to Joy nan seri **Recorder Karate** oswa yon bagay ki sanble
- Elèv yo ap pèfòme 1 gam majè mizik ki demontre nivo konpetans yo.
- Elèv yo pral li yon nòt senp yo poko wè nan recorder a.
- Si yo seleksyone recorder, elèv la pral rankontre ak direktè fanfa a pou yo chwazi yon enstriman mizik tradisyonèl ki pi bon pou elèv la ak pwogram fanfa a. Pwosesis sa a pral fèt dirèkteman apre dat limit pou paran yo aksepte/dat limit la.

Enstriman Akòd

Vyolon, Vyolon alto, Vyolonsèl, ak Bas

Elèv yo kapab odisyone avèk enstriman konsè òkès ki nan lis sa a:

Vyolon

Vyolon alto

Vyolonsèl

Bas

Y ap evalye elèv yo dapre presizyon son, kalite ton, presizyon ritmik, ekspresivite, teknik, lekti mizik, matche ton, efè mizikal ak abilite pou pwodui yon gam majè. **Elèv dwe vini ak pwòp enstriman (yo) pou odisyon an.**

Nan Odisyon an, elèv yo pral konplete tach sa yo:

1. **Pèfòme yon solo** ki demontre pi wo nivo konpetans yo. Yo pa otorize akonpayatè. Elèv dwe vini avèk **de (2) kopi** fèy mizik yo pou jij yo nan odisyon an. **Tanpri pran nòt, jij yo kapab pa koute tout solo a akòz kontrent tan**
2. **Kondisyon pou odisyon ap enkli tou:**
 - reponn kesyon, oralman, sou rekonesans nòt pa rapò ak pwòp kle yo, nòt, valè ritm, valè mezi silans, ak rekonesans senbòl mizikal.
 - koute yon gwoup 3-4 son sou pyano a epi chante yo aprè,
 - Jwe yon gam majè aplikan an chwazi, youn oswa de (2) oktav ;
 - **Lèkti mizik yo poko wè:** y ap bay elèv la fèy mizik la nan odisyon an.

Vokal

Y ap evalye elèv yo dapre presizyon son, kalite ton, presizyon ritmik, ekspresivite, teknik, lekti mizik, mache ton, efè mizikal, abilite pou chante ak abilite pou pwodui yon gam majè.

Nan Odisyon an, elèv yo pral konplete tach sa yo:

1. **Prepare Seleksyon #1**- pèfòme yon solo memorize * Elèv yo ap chante yon solo yo te aprann pa kè. Elèv dwe vini avèk **de (2)** kopi fèy mizik yo pou jij yo.
 - Y ap jije solo a sou prezisyon son, prezisyon ritmik, kalite ton, ekspresivite, ak efè mizikal. **Tanpri pran nòt, jij yo kapab pa koute tout solo a akòz kontrent tan.**
 - **Akonpayman: Elèv yo kapab chante avèk oswa san akonpayman.**
Si yo dezire akonpayman, li dwe sou yon CD oswa *flash drive*. Elèv yo dwe chante san vwa yo pa anrejistre nan CD a oswa flash drive. Yo p ap otorize okenn akonpayman an dirèk.
2. **Prepare Seleksyon #2** - Elèv la pral chante ansanm avèk yon anrejistreman **“Somewhere Over The Rainbow”** nan odizyon an. yo pral chante ansanm avèk vwa nan anrejistreman an. Yo kapab mande elèv yo pou yo chante nan kle vwa ki **ba ak vwa ki wo.**

Klike la a pou chante ansanm avèk anrejistreman an:

Vwa ki Ba yo - <https://youtu.be/6C0EWNNig78>

ak

Vwa ki Wo yo - <https://youtu.be/5PMrVNC2WLM>

3. **Vokalizasyon:** Elèv la pral vokalize avèk èd jij vokal la sou pyano a nan odizyon an.
4. **Matche Ton:** Elèv la ap koute yon seri 3-5 son nan pyano a. Apre yo fin jwe yo, elèv la ap chante yo.

Tanpri, konnen sa pa nesesè pou elèv la fini solo a pou jij yo konplete evalyasyon an.

*Tèks yo sigjere pou odizyon vokal, moun kapab achte nan chòp mizik lokal yo, enkli sa yo (yo sigjere seleksyon ki pi ba yo men yo pa obligatwa):

- Folk Songs for Solo Singer, Volumes 1 & 2 - Jay Althouse
- The Young Singer – Richard Row
- Easy Songs for the Beginning Soprano, Volume 1
- Easy Songs for the Beginning Soprano, Volume 1
- Easy Songs for the Beginning Tenor (for boys with changed voices only), Volume 1
- Easy Songs for the Beginning Soprano, Volume 1

Tout literati vokal nou liste pi wo a disponib avèk CD pou antrènman ak pèfòmans.

Pyano

Y ap evalye elèv yo dapre presizyon son, kalite ton, presizyon ritmik, ekspresivite, teknik, lekti mizik, matche ton, efè mizikal ak abilite pou pwodui yon gam majè.

ELÈV K AP APLIKE POU KLAS 6^{yèm} ANE

Nan Odisyon an, elèv yo pral konplete tach sa yo:

- Kondisyon Teknik:** de (2) gam ak de (2) *arpeggios*
 - Prepare tout gam mizikal ak apèj yo rive nan senk "sharp" ak senk "flat" avèk minè amonik relatif yo. Pa egzanp, G Majè ak E Minè Jij yo ap chwazi de (2) gam nan gam nou endike pi wo a. Gam yo ak apèj ki koresponn nan dwe ak men kole ak omwen de (2) oktav.
 - Rekòmande: Pratique gam tankou sa ki nan Hanon Exercise 39
- Kondisyon Repètwa:** De (2) év ki kontraste, yon Bawòk ak yon klasik pa dwe genyen repetisyon fraz mizikal pandan odisyon an **Tanpri pran nòt, jij yo kapab pa koute tout solo a akoz kontrent tan.**

tout solo a akoz kontrent tan.

 - Egzekite yon moso mizik Bawòk - **pa bezwen pou memorize I.** Remak: Nou sigjere yon moso mizik Bawòk ki nan liv sa yo:
 - Short Preludes – J. S. Bach
 - Two-part Inventions – J. S. Bach
 - Egzekite yon moso klasik **oblije memorize I** Remak: Nou sigjere yon moso mizik premye mouvman ki soti nan peryòd klasik pami sa yo:
 - Sonatinas Op.36 – #2, #4 or #6 Clementi
 - Sonatinas Op.151 – A. Diabelli
 - Sonatinas Op.55 – A. Diabelli
 - Sonatinas in C Major Hob.XVI/35
- Lèkti Mizik yo poko wè:** y ap bay elèv la fèy mizik la nan odisyon an.

ELÈV K AP APLIKE POU KLAS 7^{yèm} oswa 8^{yèm} ANE

Nan Odisyon an, elèv yo pral konplete tach sa yo:

- Kondisyon Teknik:** dwe prepare tout amonik majè ak minè ak apèj, nòt "sharp" ak "flat". **Jij yo ap chwazi youn nan echèl sa yo. Gam yo ak apèj ki koresponn nan dwe ak men kole ak omwen de (2) oktav.**
- Kondisyon Repètwa:** de (2) év ki kontraste, yon Bawòk ak yon klasik, pa dwe genyen repetisyon fraz mizikal pandan odisyon an. **Tanpri pran nòt, jij yo kapab pa koute tout solo a akoz kontrent tan**
 - Egzekite yon moso mizik Bawòk - **pa oblije memorize I** Remak: Nou sigjere yon moso mizik Bawòk ki nan liv sa yo:
 - Nenpòt nan 15 senfoni -J.S.Bach Bach
 - Egzekite yon moso klasik, Hayden Sonata, **yo oblije memorize** Remak: Nou sigjere yon moso mizik klasik pami sa yo:
 - Sonata in G Major, Hob.XVI/27, Sonata in e minor, Hob.XVI/34, Sonata in D Major, Hob. /37, Sonata in b minor Hob. /32, Sonata in G Major, Hob.XVI/39 and Sonata in D Major, Hob.XVI/33.

3. **Lèkti Mizik yo poko wè:** y ap bay elèv la fèy mizik la nan odisyon an.

Odisyon pou Atizay Plastik

Depatman Atizay Plastik Bak MSOA ankouraje elèv li yo eksplòre èstil yo epi rafine talan atistik yo atravè yon varyete mwayen ak kou li ofri. Kou sa yo aktyèlman enkli seramik, desen, penti, eskilti, fotografi dijital, konsepsyon dijital *ak printmaking*.

TANPRI, PRAN NÒT:

- Tout èvda yo nan odisyon an ap kreye bay avèk materyèl sa yo: yon kreyon desen ak gòm, ak papyè blan san liy.
- Elèv yo ta dwe preapare yo pou odisyon an nan fè pratik avèk materyèl nou fèk site pi wo la a.

Nan Odisyon an, elèv yo pral konplete tach sa yo:

1. **Egzèsis Kreyatif:** Nan odisyon an, y ap bay elèv yo **YOUN** nan sijè sa yo:

- Yo pral bay elèv yo yon seri atik ak oswa fraz yo pral itilize pou kreye yon desen.

OSWA

- Yo pral bay elèv yo yon fèy papyè ki gen ladan l kòmansman yon desen. Elèv la pral sèvi ak yon kreyon pou konplete desen an yon fason inik epi kreyatif.

Estil ak teknik jan elèv yo konplete desen yo se pral opsyon pa yo. Yo pral pmete anfaz nan seksyon odisyon sa a sou pwosesis kreyatif elèv la ak chwa konsepsyon final li fè a. Y ap evalye aplikan an sou orijinalite, vizyon kreyatif ak ekspresyon pèsònèl. Anfaz egzèsis sa a se pou mezire kreyativite an konparezon avèk talan pou fè desèn dapre obsèvasyon.

2. **Desine Nati san Vi:** Elèv yo ap patisipe nan yon klas atistik kote yo pral bayo yon foto yon gwoup objè yo deja ranje nan yon nati san vi. Elèv yo pral konplete yon desen baze sou obsèvasyon 2D nati san vi a. Y ap jije aplikan yo sou talan pou yo kreye yon imiltasyon egzak nati san vi yo te bayo a. Sa ta dwe enkli konpreyansyon yo sou pwopòsyon, plasman (relasyon espasyal kòrèk ant objè yo), dispozisyon konpozisyonèl nan paj la, kalite liy ak/oswa fè mak epi rann lombraj la pou kreye volim. Nou atann pou elèv yo genyen yon konpreyansyon debaz nan desen. Evalyasyon desen a pral enkli talan elèv la pou li travay pou kantite tan yo bali a, presizyon imaj li, ak kalite travay la.

Odisyon pou Teyat

Elèv Teyat Bak MSOA pral etidye ak eksplòre tout aspè pwosesis teyat. Nan etid ak travay nan klas, elèv yo pral antre nan domèn jwe wòl aktè ak pèfòmans teyat mizikal; mizansèn, abiman, teyat teknik; ak jesyon sèn. Anplis, yo pral aprann prensip pwodiksyon teyat, istwa teyat, ekri senaryo, ak apresyasyon piblik.

Preparasyon pou Odisyon Teyat

Pa genyen okenn preparasyon pou Odisyon pou Teyat- odisyon an konsewa kòm yon atelye teyat. Elèv yo ta dwe abiye pou yo lib pou bouje ; soulye talon plat, fèmèn devan, ak rad ki pa sere tankou mayo, chòt jimnastik, atiray dans ki modès oswa konsèvatif, rad yoga oswa egzèsis apwopriye. Pa mete abako oswa pote bijou sou ou.

Nan Odisyon an, elèv yo pral patisipe nan sa yo:

1. Egzèsis Aktè: Y ap mete elèv la ansanm avèk youn oswa de (2) elèv pou travay odisyon sa a. Y ap jije chak elèv sou pwòp travay li. Elèv yo ap genyen 10 minit pou kreye yon sèn kredib sou kout senaryo orijinal yo bayo a.

Yo ankouraje memorize *senaryo* a men li pa obligatwa. (Yo pap bay nòt pou Memorizasyon.) Yon jij pral prezan toutan pou oryante jèn aktè yo chak fwa yo bezwen yon Irepons ki te prepare. Y ap prezante sèn nan, epi yon ap prezante sèn yo epi yon moderatè ap bay yon ajisteman, konsèy, oswa lòt direktiv pou sèn nan epi li kapab bay konsèy pandan dezyèm prezantasyon an.

2. Lekti senaryo OSWA Chanson

OPSYON A - LEKTI SENARYO (COLD READING): Y ap bay elèv yo yon senaryo ki kout epi y ap mande yo pou yo li li pandan y ap fè aksyon pèsonaj yo chwazi a. Y ap evalye elèv yo baze sou talan yo pou yo devlope oswa kreye yon pèsonaj vèbalman ak fizikman atravè mo y ap di ak mouvman nan yon fason ki matche sa aktè a kapab aprann nan lèkti senaryo a.

-OSWA-

OPSYON B - CHANSON: Y ap anseye elèv yo apeprè 16 ba (mwens pase yon minit) nan yon chante nan estil *Broadway musical*. Y ap evalye elèv yo baze sou talan yo pou yo devlope yon pèsonaj vèbalman ak fizikman ak yon chanson y ap chante nan yon fason ki matche sa aktè a kapab aprann nan chanson an.

Evalyasyon Elèv yo pou Odisyon pou Teyat la

Y ap evalye chak timoun sou potansyèl li kòm yon elèv teyat. Nou aplike kritè odisyon sou valè entrensèk elèv la olye se senpleman fòmasyon/eksperyans pase oubyen konpetans li nan prezantasyon. Objektif elèv la se koute, suiv direktiv, epi eksprime kreyativite li libremman kòm yon elèv teyat.

Y ap Evalye Elèv yo Selon Kritè ki sou lis Anba la a:

- **Vwa ak Mouvman (Entèpretasyon wòl ak Lekti yon tèks, oubyen Chante yon chan).**- Demontre kapasite pou entèprete yon pèsonaj ak vwa li epi fizikman nan yon fason ki matche sa aktè a kapab aprann nan senaryo a oswa nan chanson an.
- **Ansanm** - Demontre travay ann ekip atravè talan ak volonte pou kolabore, koute ak reyaji pou kreye yon sèn kredib ansanm.

- **Reyaksyon a Antrènman**-Demontre kapasite pou swiv direktiv, epi itilize yo pou chanje, korije, oubyen amelyore kreyasyon yon pèsonaj/sèn kredib sou podyòm nan.
- **Kreyativite /Dispozisyon pou teyat**-Demontre kapasite pou gen ide, eksplòre posiblite, fè dekouvèt, ak fè chwa efektif pou kreye pèsonaj yo nan yon plas ak nan yon sitiasyon.

Reyalite sou *Bak Middle School of the Arts*

1. Bak MSOA se yon lekòl pwogram espesyalizasyon piblik k ap sèvi elèv nan 6^{yèm}, 7^{yèm}, and 8^{yèm} ane.
2. Bak MSOA seleksyone elèv nan tout zòn Rejyon Palm Beach atravè yon pwosesis aplikasyon, odisyon ak lotri.
3. Bak MSOA ofri yon gran varyete edikasyon boza nan domèn Atizay Kominikasyon. Dans, Mizik (fanfa, pyano, enstriman akòd, vokal), Teyat, ak Atizay Plastik.
4. Bak MSOA ofri kourikoulòm akademik fondamantal yo mande dapre Distri Lekòl Rejyon Palm Beach ak anpil kou lekòl segondè nan matematik ak lang entènasyonal.

Pwogram Edikatif

Bak Middle School of the Arts devlope enterè ak talan elèv yo nan syans atizay plastik, teyat, ak kominikasyon. Anmenmtan, li konsevwa pou ranfòse disiplin akademik atravè yon apwòch entegre, entèdisiplinè ki mete aksan sou kreyativite ak ekspresyon atistik. Atis kap vizite, atis an Rezidans, ak konferansye entèaji regilyèman ak fakilte pwofesyonèl boza ak elèv yo nan mete sou pye yon pwogram boza byen devlope epi avanse. Genyen opòtinite pou pèfòmans nan tout nivo. Yon elèv nan "Bak Middle School of the Arts" eksperimante yon balans ansèyman enkonparab nan atizay, ak eksperyans akademik. Anplis, Bak Middle School of the Arts ofri yon gam konplè aktivite nan espò, klib, ak pwogram aprè lekòl.

Kourikoulòm Akademik Fondamantal

Kominikasyon Oral/Ekri

Matematik

Aljèb I Onè (Lekòl Segondè)

Jewometri Onè (Lekòl Segondè)

Syans: Latè/Lespas, Lavi, Fizik

Fransè I ak II (Lekòl Segondè)

Espanyòl I ak II (Lekòl Segondè)

Syans Sosyal

Espò

Volebòl (Fi ak Gason)

Baskètbòl (Fi ak Gason)

Bizbòl

Foutbòl (soccer (Fi ak Gason)

Sòfbòl

Atletis (Fi ak Gason)

KLIB

Klib Altewofili

Jwèt Akademik

"Math Counts"

Ekip "Stem"

S.E.C.M.E.

Gouvènman Elèv

Diskou ak Deba

Dans "Honor Society

"Curtain Calls" (Pwogram Gadri nan Maten ak Aprè Lekòl)

Wobotik

Stitch Club

"National Jr. Honor Society"
Jr. International Thespian Society
Ekip Resiklaj

Kesyon moun Poze Pi Souvan

K. Ki Adrès Bak Middle School of the Arts (MSOA)?

R. Bak MSOA lokalize nan lès I-95 nan kwen Echo Lake Drive ak North Shore Drive, senk blòk nan sid 45th Street.

K. Konbyen chwa yon moun kapab fè nan Aplikasyon Pwogram Ochwa a?

R. Yo otorize youn oswa de (2) chwa nan Aplikasyon Pwogram Ochwa a.

Aplikasyon endike ki chwa ki premye preferans li ak ki chwa ki dezyèm preferans li. Yo kapab seleksyone de (2) pwogram chwa Bak MSOA. Sepandan, premye oswa dezyèm chwa PA gen menm chans pou yo seleksyone yo.

K. Èske li posib pou elèv ki pa genyen antrenman nan boza pou yo kalifye pou Bak MSOA?

R. Wi. Yo bay tout moun menm opòtinite pou genyen siksè nan pwosesis odisyon an, kèlkeswa si se antrene yo antrene li oswa li genyen talan natirèlman.

K. Èske yo egzije yon mwayèn jeneral pou yon elèv antre nan Bak MSOA?

R. Non. Sepandan, elèv kapab elijib pou nivo klas y ap odisyon pou li a dapre Distri Lekòl Rejyon Palm Beach.

K. Èske gen akomodasyon pou elèv ki genyen Plan IEP oswa 504 nan odisyon an?

R. Wi Yon paran/responsab **Oblije Telekopye** yon kopi Plan IEP oswa 504 aktyèl elèv la (elèv lekòl piblik) oswa evalyasyon medikal (elèv lekòl prive) avèk Aplikasyon pou Pwogram Ochwa a pou li fè sèten li jwenn akomodasyon pou odisyon an. Si ou pa kapab lokalize plan an, kontakte lekòl aktyèl pitit ou a pou jwenn èd.

K. E si Anglè se dezyèm lang elèv la?

R. Yo kapab bay elèv ki pale anglè kòm dezyèm lang yon sèvis tradiksyon. Paran yo dwe kontakte **Biwo Kowòdonatè Pwogram Espesyalizasyon Bak, Lee Glaze, nan (561) 882-3819.**

K. Èske pwogram akademik Bak MSOA la ofri nivo klas ki varye?

R. Wi, Bak MSOA ofri kou pou elèv ki trè entèlijan, kou pou elèv avanse ak kou regilye osibyèn kou nivo lekòl segondè nan matematik, Fransè ak Espanyòl. Deskripsyon kou Boza ak Elektiv pou ane lekòl 2024 yo lokalize nan paj Enfòmasyon Esansyèl sou Odisyon, Admisyon pou ane lekòl 2025

K. Èske gen transpò pou Elèv ki ale nan Bak MSOA ?

R. Distri Lekòl Rejyon Palm Beach bay transpò pou elèv ki elijib dapre direktiv SDPBC konsènan transpò elèv.

Pou vin konnen pi plis sou Bak MSOA ak pwosesis odisyon an, tanpri vizite sit entènèt lekòl nou an nan: <https://msoa.palmbeachschools.org>

**Make dat la pou lansman
EKSPOZISYON LEKÒL DEPATMAN ESPESYALIZASYON AK CHWA KARYÈ
Nan South Florida Fairgrounds (Sant Ekspozisyon Sid Florid)
Nan madi 17 oktòb 2023, 4:00 p.m. pou rive 8:00 p.m.
<https://www2.palmbeachschools.org/showcase/>**

**DISTRI LEKÒL REJYON PALM BEACH DEPATMAN ESPESYALIZASYON AK CHWA
KARYÈ www.palmbeachschools.org/choiceprograms
(561) 434-8755**

The Department of Multicultural Education (Haitian Creole) Translation Team certifies that this is a true and faithful translation of the original document. (561) 434-8620 –September 2023 – SY231368